

## Dènye Nouvèl sou Imigrasyon: “United States Citizenship and Immigration Services” Pibliye Memorandòm Ki Rantre Moso nan “Deferred Action for Childhood Arrivals”

28 jiyè 2020, “United States Citizenship and Immigration Services (USCIS)” pibliye yon memorandòm ki rantre moso nan pwogram “Deferred Action for Childhood Arrivals (DACA)”. Memorandòm sa se repons a desizyon “Supreme Court” 18 Jyen 2020 ki te jwenn ke premye jefò administrasyon Trump lan pou rantre pwogram DACA pat fêt kòrèk. Li te bay USCIS lòd pou retabli tout pati pwogram DACA-an, aksepte aplikasyon pou premye fwa ak demand pou « advance parole » (vwayaj) ladan-l.

Memorandòm « USCIS » 28 Jiyè-a rantre moso nan pwogram « DACA »-a e li fouye fondasyon pou rantre tout pwogram lan. Memorandòm la anonse chanjman sila yo nan pwogram « DACA » -an:

- « USCIS » va refize tout aplikasyon pou pou premye-fwa. Ladan-l gen nenpòt aplikasyon pou premye-fwa ki tap tan-n nan dat 28 Jiyè « DACA » 2020 ak sa ki vini apre. Yap ranbouse aplikan-an frè ki te bay pou USCIS ansanm ak aplikasyon-an.
- Anvan sa, moun ki te gen dwa renouvre « DACA » -yo te jwen renouvèlman pou 2 zan. « USCIS » va bay renouvèlman « DACA » pou yon ane sèlman pou moun ki gen dwa. Frè pou renouvre « DACA » va rete 495 dola malgré se pou you tan pi kout. Memorandòm lan pa sanble li chanje kondisyon pou aplikan ki ap renouvre. Li endike tou ke « USCIS » va kontinye refize pataje enfòmasyon ak « Immigration and Customs Enforcement (ICE) » pou aktivite kont moun ki gen pwoblèm rezidans.
- « USCIS » va refize tout aplikasyon pou pèmisyon pou vwayaje sou baz « DACA ». Aplikasyon ki tap tann yo va refize e nenpòt frè ki te déjà peye va ranbouse. « USCIS » kite ouvè posibilité li ka apwouve aplikasyon nan « sikontans espesyal ». Memorandòm lan pa dekri sa ki kalifye kòm sikontans espesyal. Pèmisyon pou vwayaje ki te apwouve anvan memorandòm 28 Jiyè rete valid.

Memoradòm 28 Jiyè 2020 se preske sèten se premye pa administrasyon Trump la pou eseye fèmen tout pwogram « DACA »-a. Fèmen pasyèl sa gen anpil chans pou yo atake-l nan tribinal. Sepandan, a mwens ke ak jis yon jij deside memorandòm la ilegal, l-ap rete an fòs. Pou moman sa, moun ki te gen « DACA » déjà ak rete elijib pou renouvre ka fè sa toujou.

Tout moun ki elijib pou « DACA » bezwen konsilte you moun ki bay sèvis legal pou enfòmasyon sou renouvèlman « DACA » yo gen nan men yo ak/oubyen evalyasyon pou lòt, pi pèmanan benefis imigrasyon’

Nou va kontinye mete dènye enfòmasyon nan sit entènet nou depi yo sòti.

Pou fè yon randevou ak « Catholic Migration Services » pou asistans legal gratis pou renouvre

« DACA », tanpri rele biwo nou Lendi pou Vandredi ant 9:00 maten ak 5:00 apre-midi nan (718) 236-3000 (biwo Brooklyn) ou (347) 472-3500 (biwo Queens).

Page 2 of 2



*This project was made possible in part by a grant from The New York Bar Foundation.*